Номарæн изæр

# Гæдиаты Цомахъы сфæлдыстад

**Дзæуджыхъæуы центрон библиотекæйы уыд зындгонд поэт, прозаик, драматург, тæлмацгæнæг, литературон критик æмæ æхсæнадон архайæг Гæдиаты Секъайы фырт Цомахъы 140 азы райгуырды бонмæ мысæн изæр.**





Ацы мадзалмæ æрбамбырд сты нæ интеллигенцийы минæвæрттæ, фысджытæ, студенттæ, 42-æм скъолайы ахуырдзаутæ сæ ахуыргæнджытæ **Хъæцмæзты Мæдинæ**, **Хамыхъоты Жаннæ**, сывæллæтты сфæлдыстадон скъолайы студи "Хуры тынтæ"-йы минæвæрттæ сæ разамонджытæ **Тамарæ Чкареули** æмæ **Дойаты Эммæ** æмæ ныййарджытимæ.

кусæг, центрон библиотекæйы бæстæзонæн хайады сæргълæууæг **Дзугаты-Мурасты Риммæ.**

Риммæ бæстон радзырдта фыссæджы цард æмæ литературон архайды тыххæй. Гæдиаты Секъа йæ сывæллæттæй Цомахъы хъулон уарзт кодта, фæлæ куыд зонæм, афтæмæй йæ хъысмæт æнцонтæй нæ уыд. Йæ рæстæджы фыс-

æнæмæнг кæй æрцæудзæн, йе 'мдзæвгæты дæр ис, уыцы хъуыдытæ цин кæй кодта, ахæм рæстæджы тæваг адæмы социалон райрæзт кæй æрфидар уыдзæн царды, ууыл. Рухстауæг, адæмы сæрыл, сæ бартыл тохгæнæг иузæрдионæй революцион змæлды активонæй кæй архайдта, уый тыххæй дзæвгар азтæм æрвыст æрцыд ахæстонмæ, стæй та хаст æрцыд Сыбырмæ. Йæ уацмысты дзæвгар хай ахæстоны ныффыста. Æнцонтæй нæ уыд фыссæгæн уыцы æмтъеры рæстæг, царды цæхгæр фæзилæнты сфæлдыстадон куыст кæнын, фæлæ уæддæр йæ удæй артдзæгъдæн кодта йæ ирон адæмы сæрибардзинадыл, цæмæй сæрибары хуры рухс уылæнтæ багуылф кæной Иры кæмттæм. Ууыл архайдта зонд æмæ хъаруйæ ахæстоны дæр, йæ фыссæн сисæй хъæрæй сидт адæммæ.

Адæмæн хорздзинад фæуын, исты пайда сын саразын царды, ууыл архайдта æмæ ууыл уыд æгасæй дæр йæ революцион тох Цомахъæн.

Фысджыты цæдисы раныхасы загъта, Гæдиаты Цомахъы хъысмæт æмæ цы цыбыр рæстæг ацард, уым йæ фæлгонц куыд ирд æмæ уæлахизæй сæрттывта, уый тыххæй...

Поэт **Къадзаты Станислав** фыссæджы тыххæй йæ раныхасы загъта:

— Цомахъ йæ царды зынты ахызт фатау, цъымарайы цæргæйæ, йæхæдæг бæллыд адæймагдзинадмæ, уды сыгъдæгдзинадæй тырныдта рухсмæ, цъититы налхъуыт-налмас æрттывд ын йæ зæрдæ 'лвæста уæды мылазон цардæй, адæмы хъæрзын, стæй цагъайраг уагæй уды сæрибар æмæ бæрзонддзинадмæ. Уæды адæм удæй хъæздыг уыдысты, æвæдза, ... Абоны хъæздгуытæ та — удæй мæгуыр æмæ зынæфсис.

Нæ зынаргъ кæстæртæ, Хуры тын уæд уæ фæндаг!

Фембæлды ма йæ хъуыдытæ загъта Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы уæнг **Хохойты Энвер:**

— Ахæстоны фæстæ дæр йе сфæлдыстадон куыст нæ уагъта Гæдиаты Секъайы фырт Цомахъ. Уыдонæн фыдæй фыртмæ баззади æвæлмæцгæ тох кæнын ирон адæмы барты сæрвæлтау. Гæдиаты Цомахъы преми сног кæнын хъæуы. Йæ ном рохуатæн æвгъау у, йæ ном ын фæуæлдæр кæнын, цæмæй йыл дуджы рыг ма æрбада, уый у не стыр хæс, æмæ уымæн та уæвæн дæр нæй. Уымæн æмæ йæ ном цард, цæры æмæ цæрдзæн йæ уацмысты.

Сæ хъуыдытæ ма загътой Фысджыты цæдисы уæнгтæ **Тъехты Тамерлан, Хадыхъаты Фатимæ** æмæ Дзæуджыхъæуы Ветеранты советы сæрдар **Лалыты Лев.**